# QARAQALPAQ FOLKLORÍNDA TÚS MOTIVI HÁM DINIY KÓZQARASLAR

**Kulımbetova Aysholpan Kuatbayevna**
Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı tayanısh doktorantı
aysholpanqulimbetova0@gmail.com

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.17268204**

***Annotaciya.*** *Bul maqalada Qaraqalpaq xalıq dástanlarında tús motiviniń qollanılıwı boyınsha diniy kózqaraslar talqılanadı. Izertlewde tús motiviniń diniy hám tariyxıy tamırları úyrenilip, onıń dástanlar syujetiniń rawajlanıwındaǵı ornı ashıp beriledi. Izertlew nátiyjeleri qaraqalpaq xalıq dástanlarında tús motiviniń ózine tán ózgesheliklerin hám de xalıqtıń dúnyaqarası hám isenimi menen baylanıslılıǵın kórsetedi.*

***Tayanısh sózler***: *Qaraqalpaq xalıq dástanları, tús motivi, mifologiya, folklor, syujet, xalıq awızeki dóretiwshiligi.*

***Аннотация.****В данной статье анализируется религиозные представления, связанные с использованием мотива сна в каракалпакских народных дастанах. В исследовании изучаются религиозные и исторические корни мотива сна и раскрывается его роль в развитии сюжетов дастанов.*

*Результаты исследования показывают особенности мотива сна в каракалпакских народных эпосах и его связь с мировоззрением и верованиями народа.*

***Ключевые слова:*** *Каракалпакские народные эпосы, мотив сна, мифология, фольклор, сюжет, генезис, устное народное творчество.*

***Abstract.****This article interprets the religious views related to the use of the dream motif in Karakalpak folk epics. The study examines the religious and historical roots of the dream motif and reveals its role in the development of the plots of the epics.*

*The research results show the peculiaritiyes of the dream motif in Karakalpak folk epics and its connection with the worldviyew and beliyefs of the people.*

***Keywords:*** *Karakalpak folk epics, dream motif, mythology, folklore, plot, genesis, folklore.*

Tús dep atalmısh sırǵa insaniyat elege shekem óziniń anıq bir túsinigin bergen emes, ol haqqında sońǵı bir toqtamǵa, anıq bir pikirge kelmegen. Sonıń menen birge, tústiń ózi sıyaqlı ol haqqında bildirilip atırǵan pikirler hám sheksiz hám ráńbáreń. Dástanlarda tús motivi oraylıq orınlardan birin iyeleydi hám xalıqtıń arzıw-úmitleri, jeke insanıy isenimleri hám áyyemgi isenimleri menen tıǵız baylanıslı. Túsler arqalı waqıyalardıń rawajlanıwı, qaharmanlardıń ishki dúnyasınıń ashılıwı, sonday-aq, joqarı ádep-ikramlılıq ideyalarınıń jámlengeni baqlanadı. Batırdıń tuwılıwı tuwralı xabar kóbinese onıń ata-anasınıń tús kóriwi, sol túste pirleriniń ayan beriwi arqalı ámelge asadı. Tús motivi de sol xalıqtıń milliy qádiriyatlarına súyengen halda kórkem-estetikalıq talǵam sıpatında orın aladı. Insan túsinde haqıyqıy ómirdegidey jasawı, esitiwi, qıynalıwı, azarlanıwı, quwanıwı, qayǵırıwı sıyaqlı jadaylarǵa dus keliwi mǵmkin. Usı tárepine kóre onı fiziologiyalıq hám estetikalıq hádiyse sıpatında

da qarawǵa boladı. Átirapımızǵa názer salıp qarasaq, hár qıylı túsinikke iye iye insanlar bar. Olardıń pikirlew dárejesi bir-birinen parq qıladı. Olardıń sanasında mifologiyalıq, diniy hám ilimiy isenimler orın alǵan bolıwı sózsiz. Sebebi, olar dúnyanı óz kózqarasında túsinip, óziniń aqılıy qábiletine tayanǵan halda kóredi. Mine usı táreplerine kóre túske bolǵan jantasıwlardı mifologiyalıq, diniy, ilimiy jaqtan jantasıw sıyaqlı formalarda qarap ótiw maqul boladı. J.Eshonquldıń pikirinshe: „Adamlardıń sanasınıń bunday hártúrliligi sebepli,ulıwma alǵanda, erte dáwirlerden baslap XXI ásirge shekem insanlardıń túske múnásibetinde júdá úlken parqlar sezilmeydi“ [1] dep keltiredi. Demek, ilim-texnikanıń rawajlanıwı menen túske bolǵan túsiniklerdiń kólemi de biraz keńeyip barǵan.Tús insan ómiriniń ajıralmas bir bólegi bolıp, kópshilik tús kóredi. Diniy kózqaras tiykarında túske qaraytuǵın bolsaq bul haqqında Quranı Kárimde de paydalanamız. Muhammed payǵambar hádislerinde júdá kóp aytılǵan. Qurandaǵı Yusuf súresi bastan ayaǵına shekem tús haqqında aytıladı. Payǵambarımız da kóp tús kórgenligin aytıp ótedi. Tústiń jorılıwı haqqında birneshe hádisler aytılǵan. Islamda tús, tiykarınan, úshke bólinedi. Túske túrli zamanlarda hár túrli tárip berilgen, onı ayrıqsha jorıǵan, hártúrli maqsetlerde qollanǵan, biraq heshbir dáwirde oǵan áhimiyetsiz hám itibarsız bir hádiyse sıpatında qaralmaǵan.

1. Jaman kórinistegi túsler, shaytannan boladı (shaytanıy tús)
2. Shárt sharayatları payda bolǵan waqıtta boljaw, eskertiw sıpatında qabıl etilgen tús.
3. Insannıń ele tolıq uyqıǵa ketpegen waqtında ásirese insannıń uyqıdan aldıńǵı waqıttaǵı sáwbetlesiwleri, pikirleri, qıyalına jámlep alǵan waqıyalardı túsinde dawamın kóriw jaǵdayları da boladı.

Mine usı tiykarda birdey túsler boljaw túsi esaplanadı. Jaman túsler kórgen adam oyanǵannan keyin shep tárepine 3 márte túpiredi de Alladan úmit sorap heshkimge aytpaydı. Sebebi hádislerde keltiriwinshe tústi aytılsa birinshi jorıw qanday bolsa sol jaqqa qaray burıladı. Jaqsı tústi de aytatuǵın bolsa ilimli adamlarǵa yamasa ózi jaqsı kórgen, ózi jaqsı kóretuǵın adamlarǵa aytıwı kerek. Qáwim yaki ruwdıń basshısı, danıshpan insanı dárejesine kóterile alǵan, arnawlı máresimlerden ótken adamlar ǵana tústi jorıwı múmkin bolǵan. Sebebi ilimli adam hám jaqsı kórgen adamı tústi jaqsı tárepten qarawǵa urınadı hám onıń aqıbeti jaqsı boladı dep úmit beredi. Máselen, dástanlarda qahrmanlar ózleriniń túslerin eń jaqın adamına yamasa tús jorıwshı arnawlı adamǵa jorıtadı. X.Dosmuxamedulınıń pikirinshe „Hárbir insan túsin birewge jorıtıwǵa tırısadı jáne usı jorıwlarǵa isenedi. „Qız jipek“, „Qozı Kórpesh“ hám taǵı basqa dástanlarında tús kóriw menen onı jorıwdıń

poetikalıq kórinisleri bar" [2:384]. Bul halattı derlik barlıq dástanlarda kóre alamız. Atap aytqanda, Qırq qız dástanında: Allayar bay óz túsin qızına jorıtıwdı maqul tawıp túsindegi waqıyalardı birim-birim ayta baslaydı. Negizinde Allayar túsiniń mánisin ish-ishinen ańlap júregine ǵulǵula túsken edi. Bunı biz tómendegi qatarlardan bile alamız.

*Túsinen qattı seskendi,*
*Yadınan sirá qalmadı.*

Biraq, xalqımızda „Tústiń moynı qılday qayda bursań, sonda ketedi" degen ibara biykarǵa aytılmaǵanday, túsin qızına jorıtıwǵa qarar etedi.

*Áyne sáske waǵında,*
*Qubladan esti bir dawıl,*
*Elimdi tegis qıyrattı,*
*Ot tiygendey boldı awıl.*
*Bul ne bolar, jalǵızım.*
*Teńseldirdi qara jerdi,*
*Oǵan duwshar qılmaǵay,*
*Xalıq áylegen gúnakardı.*
*Teńseldirdi ayaǵım,*
*Qolımda bar tal tayaǵım,*
*Júr ekenmen mal qaytarıp,*
*Qarsılap shıqtı aldımnan.*
*Bawırı shubar ala sher,*
*Aybat shegip aqırdı,*
*Júrgen jerim taqırdı,*
*Qashıwǵa imkan bolmadı,*
*Qaq basımnan jalmadı,*
*Bul ne bolar, jalǵızım?*
*Ótti basımnan zamanım,*
*Tústi qarańǵı dumanım,*
*Qarańǵıda tunshıǵıp,*
*Kórindi elim biygúman,*
*Bul ne bolar, jalǵızım? [3:31]*

Bul qatarlarda dawıl, ot, tal tayaq, ala sher sózleri tuwra mánide emes al awıspalı mánide qollanılıp tús motiviniń kórkemligin bayıtǵan. Bul uqsatıwlar onıń tiykarǵı mánisine júdá jaqın bolıp, júz beretuǵın halat tolıǵı menen kózimiz aldında gewdelenedi. Gúlayım atasına aldında bolajaq islerdi aytıp, aldın boljap, bir

qanshasın arnap, atasına qarap tústi jorıydı hám qayǵılı bir islerdiń bolatuǵınlıǵın aytıp, sonda da ol atasına kóp qayǵıra bermeń, „tús túlkiniń boǵı" degen gáp bar túske kóp isenip ózińizge azap bermeń dep kewlin kótergisi keledi.

*Qayǵılanba, atajan,*
*Isley ber maqsetli káriń...*
*...Tús-túlkiniń boǵı degen,*
*Sózi bar ata-babanıń,*
*Júregime túsirme,*

Jáhánnıń qayǵı-saldarın...[3:31] dep keltiriwi bunıń ayqın dálili boladı. Sonıń menen birge, tústi hesh hársege qaramastan jorıw da orınlı emes. Bálki tústiń jorılıwı boyınsha óziniń shárt sharayatları bar. Máselen tústiń haqıyqısı sol boljaw bolatuǵını insan taharat penen jazǵan bolsa, oylamaǵan nársesi túsine kirse, kún menen tún araları jaqınlasqan waqıtlar bolsa, tańnıń aldında kórilgen túsler jorılıwǵa ılayıq túsler esaplanadı. Sonıń menen birge tús kóriw máwsimi basqa kóp derekler jorılıwda ózin demek, tásirin tuygizedi. Bul tuwralı maǵlıwmat kóp, óz aldına jazılǵan arnawlı kitaplar da bar. Biraq, tús hámme nársege baylanıslı, túske qarap is qılıw kerek degen mánini hám túsinip qalmaw kerek. Tús bir ishara mánisinde boladı. Tús miydiń insan ruxiyatı haqqındaǵı belgiler arqalı jetkergen xabarları bolıp esaplanadı. Sonnan kelip shıǵıp aytıw múmkin, iyesine tiyisli bolmaǵan tústiń ózi ulıwma ushıramaydı. Tús tek ǵana insan sanasına ǵana emes al denege de tásir etiwi shıǵısta aldınnan belgili bolǵan. Túsinde dáw, jin kórgenler awır awırıwǵa shalınadı degen túsinikler de bar hám bunday insanlardı „jin yaki dáw urıptı" dep aytadı.Eski dúzimdegi insanlardıń kózqarasında tús „pirler, qudaylar" menen baylanıs ornatıw quralı esaplanǵan. Sonıń ushın olar tústi muxaddes dep bilgen. Tústegi belgilerge, kórsetpelerge júdá itibar qaratıp soǵan ámel de qılǵan. Oǵan tap usı kúnimizdegi insan kibi waqıyalar áhimiyetsiz bir halat dep emes, insan ishki álemi hám sırtqı dúnyanıń tınıq aynası, ruwxiyattıń bir bólegi dep qaraǵan. Olar túske sonday dárejede isenim menen múnásibette bolǵan, tústiń jorılıwlarına qattı ámel qılǵan. Izertlewshiler tústiń tariyxın animistik túsinikler menen baylanıstıradı. Bizge málim, animizm tábiyattıń janlılıǵı, „jan" hám „ruh" tıń máńgilik ekenligine isenim bolıp tabıladı.Animistik túsinikke kóre, ólgen adamnıń ruwxı máńgi jasaydı, tek ol hártúrli kórinislerge kiredi. Gey waqıtlarda bolsa adam ólgennen soń túslerde jasaydı dep oylaǵan. Túske ámel qılıp ómir súrgen, egin ekken, jıyın terimdi jıynaǵan, urıs qılǵan. Jeńilis yamas jeńis olardıń túslerinde ayan bolǵan. Mısalı „Qırq qız" dástanında Surtayshaǵa aldaǵı Gúlayım menen bolatuǵın sawashtaǵı halatı jeńilis penen juwmaqlanatuǵınlıǵı

túsinde ayan boladı. Biraq Surtaysha onı tán algısı kelmey túsin jorıǵan Qorrashını usılay jorıǵanı ushın ólim jazasın muwapıq dep biledi.

*Sol waqları Surtaysha,*
*Qarsı qarap sóyledi,*
*Ashıw menen Surtaysha,*
*Appaq murnın jıyırdı,*
*Qorrashını sol jerde,*
*Óltiriwge buyırdı.[4:181]*

Ibn Sirin rahmatullohu alayqı aytadı: „Jorıwshı ushın shárt bolǵan nárseler, ol tústi esitip atırǵan waqıtta taharatlı bolǵan bolıwı kerekligi, tús aytıp atırǵanı dushpanı bolsa, dushpanlıǵı sebepli nadurıs jorımawı, bir adamnıń sırın bilse, basqalarǵa sır shashpawıkerek".

Boljaw mánisindegi túsler tań sáhár waqıtta kóriliwine sebep, insan kúndizgi sharshawlarınan soń sharshap uyqlap qalǵanda belgili bir waqıtqa shekem-onıń sharshawları jazılıp denesi, ruwxiyatı tınıshlanıp demalıp bolaman degenshe tınıq túsler kóre almawı múmkin. Sáhár waqıt adamlardıń taza, tınıq túsler kóriwi ilimde de ilimiy jaqtan óz dálilin tapqan. Diniy kózqarasta qaraǵanımızda tańda perishteler bolıp, solar menen birgelikte túslerimizde haqıyqatlıq óz kórinisin tawıp, anıq boljaw mánisindegi túsler kóriledi degen túsinikler bar. Ásirese, islam áleminde tús hám tús jorılıwlarına itibar menen qaraǵan. Islamda tústiń úsh túrge bóliniwin joqarıda aytıp ótken edik. Biraq orınlaytuǵın wazıypasına kóre, tiykarınan, ekige bólinedi: raxmoniy, yaǵnıy ilahiy túsler hám shaytanıy túsler. Raxmaniy túslerdi iymanlı-Allaǵa iseniwshi insanlar ǵana kóredi. Shaytanıy túslerdi bolsa shaytan joldan urǵan, nápsiniń qulı bolǵan insanlar kóredi, degen kózqaraslar bar. Kóplegen dereklerde túske hártúrli tárip berilgen bolsa da, biraq olardıń barlıǵında bir nárse: tústiń sırlı hádiyse ekenligi haqqındaǵı pikir hám kózqaraslar derlik birdey bolıp tabıladı. Batısta tús tereń úyrenilgen bolıwına hám kóplegen izertlewlerde tústiń sırlılıǵı aytılǵanına qaramastan, olarda tústiń ilahiyligi qabıl etilmeydi. Shıǵısta, ásirese, islam áleminde buǵan durıs baha berilgen. Tús kóp ásirlerden beri, qansha úyrenilgen bolmasın ol báribir sırlılıǵınsha qalmaqta. Quranı Kárim hám hádislerdegi tústiń bayanlanıwlarınan sonı anıqlawǵa boladı, tús eń áwele sırlı hám ilahiy. Insan óz tágdirine ne jazılǵanın bilmegen sıyaqlı, qanday tús kóriwin hám oǵan kimler, neler kiriwin aldınnan bilmeydi. Biraq bul onıń insannan basqa yaǵnıy kórilip atırǵan tústiń iyesine ulıwma baylanısı joq, degeni emes. Kerisinshe, tús-bul insan ruxiyatınıń aynası. Insan tárbiyası qanday bolsa, ol kóretuǵın túsler de soǵan múnásip boladı.Bunnan tısqarı, tústiń qaysı kúnde kórilgeni de júdá áhmiyetke iye. Mısal

ushın, ekshembi kúnnen áweli kórilgen tús jaqsı, onı jorıw da ansat boladı. Sársembi kúnnen aldın kórilgen tústi jorıp bolmaydı, dep túsindiriledi. Tús jorıwshılar tústi erte tańda jorıǵanı maqul boladı, dep aytadı. Ne ushın?! Sebebi, eń áwele, hár istiń erte tańda ámelge asqanı maqul hám tústegi waqıyalar, ondaǵı arzımas nárse hám tús kóriwshiniń yadınan shıǵıp ketpewi kerek.

Qullası, islamda túske júdá bir áhmiyetli kózqarasta bolǵan. Joqarıda aytıp ótkenimizdey, tús ápiwayı ǵana halat bolmay, insan ruwxıyatı, isenimi hám tárbiyasınıń bir kórini dep talqı júrgizgen. Usı bir ǵana sózde insannıń ruwxıy álemi haqqındaǵı úlken haqıyqat jasırınǵan. Demek, insandı onıń kórgen túsi arqalı biliw imkanı bar ma? Álbette, imkanı bar. Bilgende de ózimiz kútkennen artıq biliwimizge boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Жаббор Эшонқул Ўзбек фольклорида туш ва унинг бадиий талқин Ўзбекистон Фанлар Академияси Фан, 2011.
2. Досмұхамедұлы Х. Таңдамалы. – Алматы, 1998.
3. „Qırq qız“ dástanı. Qıyas jıraw variantı.
4. „Qırq qız“ dástanı. – Nókis: Jeti ıqlım, Qurbanbay jıraw variantı 2022.